



# Homeland Security

## Yon Mesaj Sekretè a

Se ak anpil plezi m ap pataje plan ane fiskal Depatman Sekirite Nasyonal (Department of Homeland Security, DHS) pou ane 2012 la pou li bay bon kalite aksè nan pwogram ak aktivite sekirite nasyonal bay moun ki pa pale ase angle. Nan DHS, nou rekonèt enpòtans pou kominike byen ak tout moun atravè plizyè fonksyon ak misyon nou yo, pa sèlman sa ki pale angle yo.

Pandan Ane Fiskal 2011, DHS te lanse yon gwo travay nan tout depatman an sou bezwen nan domèn langaj, ak sèvis langaj ki egziste deja. Pami plizyè egzanp sèvis langaj ki egziste depatman an ofri, ki detaye nan plan ki vini ak lèt sa a, se egzijans inik Depatman Ladwàn ak Pwoteksyon Fwontyè pou tout Ajan Patwouy Fwontyè, ak ofisyè Depatman an kap travay nan fwontyè Sidwès la, pale bon jan Panyòl. Menm jan an, Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon bay enfòmasyon sou imigrasyon ak natirализyon nan plizyè lang, epi Administrasyon Sekirite Transpò an gen siy ki disponib nan uit (8) lang. An plis, Ajans Jesyon Ijans Federal la bay materyèl ki ekri an plizyè lang bay moun ki te fè eksperyans nan dezas, gen plizyè sitwèb ki pa an angle, epi li fòme anplwaye Asistans Dezas yo sou jan pou yo idantifye ak abòde bezwen pou lang nan zòn ki afekte yo. Bagay sa yo ak plizyè lòt egzanp demonstre angajman depatman an pou asire li tout mwen jwenn bon jan aksè langaj nan tout misyon ak fonksyon li yo.

Men, gen lòt etap an plis DHS ka pran pou amelyore komunikasyon li ak moun ki pa pale ase angle. Plan Pou Moun Jwenn Aksè ak Lang DHS la, ki te rezulta enfòmasyon sou eksperyans ak espètiz anplwaye yo toupatou nan Depatman an ansanm ak kòmantè pati prenant ki reprezante diferan kominote atravè Nasyon an, bay yon kad pou amelyore aksè pou moun ki pa pale ase angle nan sèvis ak aktivite DHS yo.

Plan Pou Moun Jwenn Aksè ak Lang la di:

**Se yon règleman nan DHS pou moun ki pa pale ase angle bon jan aksè nan operasyon, sèvis, aktivite, ak pwogram ki soutni ak zòn misyon Sekirite Nasyonal kote li bay bon jan sèvis asistans langaj atan. Se sa ki fè eleman DHS yo dwe enkòpore konsidérasyon aksè langaj nan woutin yo, planifikasyon estratejik ak biznis yo, idantifye ak tradui dokiman ki enpòtan nan lang yo itilize pi souvan yo, bay sèvis entèpretasyon lè li apwopriye, epi edike pèsonèl la sou responsablitè aksè langaj ak jan pou itilize resous aksè langaj ki disponib yo.**

Pandan ane ki sot pase yo, chak Eleman DHS (kit se pou operasyon oswa sipò) ki gen kontak ak piblik la te oblige fè pwòp plan aksè langaj pa li pou aplike nan règleman sa a.

Remak ou gen anpil enpòtans pou nou. Tanpri voye nenpòt kòmantè oswa kesyon ki ka ede enfòme plan Eleman DHS n ap travay sou li a bay Biwo Pou Dwa Sivil ak Libète Sivil (Office for Civil Rights and Civil Liberties, CRCL) a nan [crcloreach@dhs.gov](mailto:crcloreach@dhs.gov), oswa ale sou [www.dhs.gov/crcl](http://www.dhs.gov/crcl) pou plis enfòmasyon.

Janet Napolitano  
Sekretè Depatman Sekirite Nasyonal